

14 avril 2020

Chè Pwopriyetè,

Depatman Pwoteksyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York bay pwopriyetè edifis yo mizajou tanzantan sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon sou materyèl ak resous ki disponib pou kore Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) Vil New York, Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) Eta New York lan ak lòt kòd minisipal ki gen pou wè ak sa. Ale sou [sitwèb HPD a](#) pou ou li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

*Piblikasyon sa a la a pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final sou tout responsablite pwopriyetè kay ak lokatè an rapò ak lalwa ak règ ki konsène lojman nan vil New York.*

---

### **Seminè sou entènèt “Pran Devan Plon”**

HPD lanse kanpay “Pran Devan Plon” an, yon nouvo ekstansyon ak inisyativ edikatif pou lite kont penti ki abaz plon. Kanpay sa a gen ladan l yon seri konferans sou entènèt ki an dirèk ak yon seri videyo espoze yo anrejistre deja ki pale sou ki fason oumenm ki se yon pwopriyetè oswa oumenm ki se yon ajan kapab respekte lwa ak règleman sou penti ki abaz plon. Seminè sou entènèt yo pral ede ou rete enfòm sou nouvo ak dènye règleman ak egzijans nan zafè plon.

Tanpri, ale sou onglè “EDIKASYON” sou [sitwèb HPD konsènan Pentè abaz Plon](#) pou ou kapab wè anrejistremant semènè ki pase deja yo:

- Aprantisaj sou Pentè abaz Plon: 12 Pwen pou Chak Pwopriyetè Kenbe
- Fason pou ou konsève dosye: Yon Gid pou yon Dokimantasyon Apwopriye sou Konfòmite Pentè ki Fèt ak Plon
- Responsablite Pwopriyetè a lè li ap Chanje Lokatè nan Apatman an
- Pratik Travay Sekirize nan Biding ki gen Pentè Abaz Plon
- Yon Gid pou Pwopriyetè sou Egzijans ak Pwosesis Demann Franchiz pou Pentè Abaz Plon

HPD ap òganize pwochen semènè anliy li a jedi 20 out a 11 A.M. nan lè Kòt Lès Etazini. **Seminè anliy sa a ap bay yon apèsi sou prensipal enfraksyon yo ak fason pou ou korije yo.** Tanpri [enskri](#) pou semènè sou entènèt la.

---

### **Mizajou sou Sèvis (DOB): Konstitisyon Dwa pou Konstriksyon an tout Sekirite**

Apati 8 mas 2020, [Lwa Lokal 106 2019](#), ki modifiye dispozisyon Kòd Konstriksyon an ak Kòd Antretyen Lojman an konsènan Plan Pwoteksyon Lokatè ak Konstitisyon Dwa pou Konstriksyon an tout Sekirite a, egzije pou pwopriyetè lojman miltip yo afiche EPI distribye yon Konstitisyon Konstitisyon Dwa pou Konstriksyon an tout Sekirite pou tip konstriksyon sa yo: 1) yon demann pèmi pou travay ki pa pou ti

modifikasyon ni pou reparasyon òdinè; 2) yon pèmi travay ann ijans; ak 3) nouvo konstriksyon, imedyatman aprè demann yon Sètifika Okipasyon Tanporè.

Avi [Konstitisyon Dwa pou Konstrikasyon an tout Sekirite](#) a dwe gen:

- Yon deskripsyon tip travay ki ap fèt yo ak kote travay yo ap fèt nan lojman miltip la;
- Orè konstriksyon an;
- Yon kalandriye ki prevwa kilè travay yo ap fini;
- Yon deskripsyon enfrastrikti oswa sèvis esansyèl ki ta dwe endisponib oswa entèwonp pandan travay la ak fason pwopriyetè a ap limite endisponiblite oswa entèripsyon sa a;
- Kowòdone, ki gen yon nimewo telefòn ladann, yon ajan oswa yon anplwaye Pwopriyetè a ou kapab kontakte pou kesyon ki pa ijan konsènan travay ki ap fèt yo;
- Kowòdone, ki gen yon nimewo telefòn, yon ajan oswa yon anplwaye Pwopriyetè a ou kapab kontakte pou kesyon ijan konsènan travay ki ap fèt 24 sou 24, 7 jou sou 7 pandan peryòd konstriksyon an; ak
- Kowòdone òganizasyon Vil ak Eta a ki konpetan an kote okipan yo kapab depoze plent oswa poze kesyon sou travay ki ap fèt yo.

Pwopriyetè yo dwe distribye avi Konstitisyon Konstitisyon Dwa pou Konstrikasyon an tout Sekirite a nan chak inite abitasyon ki gen okipan EPI afiche li nan hal bildin nan, epi nan chak etaj ki mwens pase 10 pye pou chak asansè, oswa ki mwens pase 10 pye pou chak kaj eskalye prensipal nan yon bildin ki pa gen asansè. Yo dwe pibliye avi a an/ann Anglè, Panyòl ak nan nenpòt lòt lang lalwa kapab prevwa. Avi a **dwe** rete afiche jiskaske travay otorize yo dekri a fini.

Yon pwopriyetè ki pa konfòme li ak egzijans sa yo kapab debouche sou yon Enfraksyon klas C.

---

### **Mizajou sou Sèvis (DOB): Avi Plan Pwoteksyon Lokatè pou Okipan**

Apati 8 mas 2020, [Lwa Lokal 106 2019](#), ki modifiye dispozisyon Kòd Konstrikasyon an ak Kòd Antretyen Lojman konsènan Plan Pwoteksyon Lokatè ak Konstitisyon Dwa pou Konstrikasyon an tout Sekirite a, egzije pou pwopriyetè yo afiche EPI distribye yon avi konsènan Plan Pwoteksyon Lokatè (tenant protection plan (TPP)) lè Depatman (Bilding Department of Buildings (DOB)) bay yon pèmi travay. Pwopriyetè yo dwe afiche EPI distribye fòm avi DOB kreye epi apwouve a. Fòm nan disponib sou [sitwèb DOB](#) la. Yo dwe distribye avi a nan chak inite abitasyon ki gen okipan EPI afiche li nan koulwa a ak: 1) nan chak etaj ki nan dis (10) pye distans ak asansè a; oswa 2) si bilding lan pa gen asansè, omwens dis (10) pye distans ak kaj eskalye prensipal chak etaj oswa nan kaj eskalye prensipal sou chak etaj.

Ou kapab fè yon vyolasyon enfraksyon klas C si ou pa afiche avi DOB apwouve a ki gen kowòdone yo mande yo. Nou ap raple ou pwopriyetè yo dwe avize DOB alekri omwen 72 èdtan avan yo kòmanse travay ki mande yon Plan Pwoteksyon Lokatè. Ou dwe itilize [fòm notifikasyon anliy](#) lan ki sou sitwèb DOB.

---

### **Resous COVID-19 pou Pwopriyetè**

Nou mete [sitwèb COVID-19 HPD a](#) ajou avèk enfòmasyon pou pwopriyetè, apa sa ki sou pratik netwayaj bilding. Nou wè epi nou tande anpil enkyetid pwopriyetè yo genyen, pa sou fason pou yo jere pwopriyete yo a sèlman men sou fason pou yo travay ak yon kantite lokatè ki kapab viktim efè COVID-19 tou. Objektif jeneral la se bay pwopriyetè pwopriyete rezidansyèl yo - sitou sa yo ki gen pwopriyete frajil – enfòmasyon yo bezwen pou yo kontinye loje Nouyòkè pandan pandemi sa a ak kriz ekonomik ki akonpaye peryòd difisil sa a.

Mizajou yo se:

- Konsèy konsènan responsabilite pwopriyetè pandan pandemi an
- Kolèk pèman lwaye pandan ajounman ofisyèl tanporè sou dat pou mete lokatè deyò (Moratwa sou Degèisman) a
- Resous pou èd finansyè pou pwopriyetè
- Enfòmasyon sou renonsman a ipotèk ak sezi byen
- Planifikasyon pou siksesyon
- Konsèy pou ou rete an sekirite lakay ou

Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vi New York la mete [Kesyon Yo Poze Souvan sou COVID-19 pou Bilding Rezidansyèl](#) ajou. Tanpri egzaminen yo epi mete yo an pratik pou ou asire sekirite pèsonèl ou a ak lokatè ou yo pandan kriz COVID-19 la ap kontinye. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Reyouvèti Vil New York, al gade nan [Reyouvèti Vil New York: Kesyon Yo Poze Souvan](#), oswa [ale sou nyc.gov/health/coronavirus](http://ale.sou.nyc.gov/health/coronavirus) epi chache “Reyouvèti Vil New York” (Reopening NYC).

---

### **Mizajou konsènan Pwopriyetè Bilding**

#### **Chalè Ekstrèm**

Pandan mwa ete yo ap vanse, HPD ta renmen asire oumenm, bildin ou ak lokatè ou yo an sekirite pandan peryòd chalè ekstrèm yo. Tanpri pran demach sa yo an konsiderasyon lè yo prevwa chalè ekstrèm:

- Enskri nan Avèti Vil New York (Notify NYC) nan [www.nyc.gov/notifynyc](http://www.nyc.gov/notifynyc) pou ou resevwa mizajou sou evènman.
- Konsilte [gid sou Planifikasyon ak Evakyasyon pou Ijans pou Pwopriyetè/Jesyonè Bilding Rezidansyèl](#), ki abòde kesyon tankou kominike lokatè enfòmasyon ijan, avèk prezizyon sou lokatè ki gen andikap oswa ki gen egzijans konsènan aksè ak bezwen fonksyonèl.
- Voye je sou lokatè ou yo, sitou sou sa yo ki plis ekspozè a estrès tèmik. Moun ki a risk se sa yo ki:
  - Gen 65 lane oswa pi gran
  - Gen pwoblèm medikal kwonik oswa pwoblèm sante mantal
  - Pran kèk medikaman oswa ki pran dwòg oswa ki bwè alkòl anpil
  - Izole sosyalman, ki pa ka deplase fasil oswa ki pa kapab kite lakay yo
- Siveye chalè ekstrèm nan apatman
  - Kominike ak lokatè yo epi mete yo okouran sou avansman pwojè reparasyon sistèm refwadisman an.
- Fè lokatè ou yo konnen kouman yo kapab jwenn Sant Refwadisman ki toupre. Raple yo li posib pou Sant Refwadisman egzije yo mete mask epi pran distans sosyal ak lòt moun.
  - Pou ou konnen ki kote Sant Refwadisman ki pi pre a ye, lokatè yo kapab rele 311 oswa al gade sitwèb Sant Refwadisman Vil New York la nan [www.nyc.gov/beattheheat](http://www.nyc.gov/beattheheat)
- Fè lokatè ou yo ak pèsonèl bilding ou an konnen pou yo rele 911 pou ijans medikal imedyat ki gen rapò ak chalè (paregzanp, siy estrès tèmik). Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou estrès

tèmik, al gade nan: <https://www1.nyc.gov/site/doh/health/emergency-preparedness/emergencies-extreme-weather-heat.page>

Evènman chalè ekstrèm kapab bay pàn kouran. Pou ou prepare ou pou sa, pran konsèy sa yo an konsiderasyon:

- Enfòmè lokatè ou yo osijè politik asansè pwopriyete ou a, sitou pou sa yo ki depann de asansè a.
- Etabli mwayen kominikasyon altènatif ak pèsònèl ansanm ak jesyonè bildin ou yon an ka kote kominikasyon telefonik regilye pa posib.
- Lalwa egzije pou pwopriyete bilding rezidansyèl yo afiche yon avi tanporè nan zòn komen bilding nan avan yon ijans metewolojik ak aprè yo fin enfòmè sou yon pàn kouran ki ap dire plis pase 24 èdtan. Al gade [echantiyon](#) notifikasyon sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan responsabilite pwopriyete bilding lè gen katastwòf, tanpri ale sou sitwèb HPD sa a: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/emergency-preparedness.page>. Pou plis enfòmasyon sou ijans konsènan chalè ekstrèm, al gade nan: <https://www1.nyc.gov/site/em/ready/extreme-heat.page>

#### Tanpèt sou Kòt

Sezon Tanpèt sou Kòt pou Vil New York reboule 1ye dawout epi HPD ta renmen asire li pwopriyete bilding yo prè pou yon evènman konsa. Ane sa a, previzyon Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik (National Oceanic and Atmospheric Administration (NOAA)) konsènan tanpèt sou kòt pou Atlantik lan montre yon sezon tanpèt sou kòt ki pi grav pase jan sa konn ye jeneralman.

**Pou ou toujou enfòmè konsènan tanpèt sou kòt ak lòt ijans**, enskri nan avètisman sou ijans nan Vil la sou [www.NYC.gov/NotifyNYC](http://www.NYC.gov/NotifyNYC) EPI enskri chak ane nan HPD pou yo kapab kontakte ou nan ka ijans nan pwopriyete a. Bay yon nimewo telefòn konfidansyèl ki egzistans ki an fonksyon 24 sou 24 lè ou ap enskri a. Anrejistre chak ane nan HPD lè ou al gade nan: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/register-your-property.page>

Vil New York divize an 6 zòn evakyasyon lè gen tanpèt sou kòt. Mè a kapab bay lòd pou tout zòn evakye avan yon tanpèt sou kòt rive nan Vil New York. **Pou ou konnen si pwopriyete ou a nan yon zòn evakyasyon oswa pou ou jwenn siyalizasyon sou zòn ki kapab inonde**, al gade nan: <http://www1.nyc.gov/assets/em/html/know-your-zone/knowyourzone.html>

#### **Konsèy pou ou menm ak lokatè ou yo pare pou yon tanpèt sou kòt:**

- Distribye Gid sou Preparasyon pou Ijans pou Bildin ki gen Apatman nan Vil New York bay tout rezidan lè yo ap siyen kontra ak yon (1) fwa chak 3 lane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou gid la, al gade nan: <https://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/fire-department-rules/fire-dept-rules.page>
- Kominike lokatè ou yo politik asansè pwopriyete ou a, sitou pou sa yo ki depann de asansè. Eseye kenbe asansè yo an sèvis si sa posib epi pa retire yo nan sèvis jiskaske gen yon tanpèt oswa yon evakyasyon.
- Toutotan sa posib, kominike ak lokatè yo klèman avan, pandan ak aprè yon tanpèt sou kòt. Kòm pwopriyete bilding, evalye kapasite ou pou ou kominike tout lokatè enfòmasyon ki enpòtan anpil apati itilizasyon sistèm bilding (paregzanp, entèfòn, sistèm alam ensandi), imèl oswa mesaj tèks.

- Anvizaje mete mwayen kominikasyon altènatif an plas nan ka kote gen pàn kouran oswa lòt entèripsyon kominikasyon telefonik ki regilye ant pèsònèl bilding nan, administratè bilding nan, ak pwopriyetè bilding nan.
- Elabore yon plan pou evakyasyon pwopriyete a, ak yon plan rezilyans. Kominike pèsònèl bildin nan ak lokatè yo plan sa yo.
- Evalye pwopriyete a tousuit aprè tanpèt la.
- Reponn ajans Vil la ki ta kontakte ou kòm pwopriyetè aprè tanpèt la rapidman.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte dokiman sa yo:
  - [gid sou Planifikasyon ak Evakyasyon pou Ijans pou Pwopriyetè/Jesyonè Bildin Rezidansyèl](#)
  - Prepare ou pou Yon Ijans
  - Avan ak Aprè yon Tanpèt: Sa Ou Bezwen Konnen
  - [Tiliv sou Preparasyon pou Tanpèt nan New York](#)
  - [Lis Kontwòl Endividyèl pou Preparasyon pou Ijans/Planifikasyon Evakyasyon](#)

Jan yo endike sa pi wo a, **lalwa egzije pou pwopriyetè yo** afiche yon avi tanporè ki gen enfòmasyon sou ijans nan zòn komen bilding nan avan yon ijans metewolojik, aprè yon katastwòf natirèl, ak aprè yo fin enfòme sou yon pàn kouran ki ap dire plis pase 24 èdtan. Al gade nan [echantiyon](#) notifikasyon sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou responsabilite pwopriyetè bilding lè gen yon katastwòf, tanpri al gade nan sitwèb HPD sa a: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/emergency-preparedness.page>.

---

### **Resansman 2020: Enfòmasyon pou Pwopriyetè konsènan Faz Frape Pòt la**

Nou ap kominike ou enfòmasyon enpòtan konsènan resansman 2020 an. Sitou, nou te vle enfòme ou anketè ki ap fè resansman yo (oswa "frapè nan pòt") ap kòmanse vizite fanmi nan kòmansman mwa out ane sa a. Nou mande ou kopere pou anketè ki ap fè resansman yo kapab gen aksè nan pwopriyete ou an tout sekirite paske yo falisite reyalizasyon resansman an.

Resansman 2020 an te kòmanse nan prentan ane sa a. Depi lè sa, fanmi ki nan tout nasyon an te kapab reponn kesyon resansman an poukont yo. Men, se pa tout fanmi ki kapab fè resansman an poukont yo. Se sa ki fè, Biwo Resansman Etazini an fè faz Suivi Non-repons (Nonresponse Follow Up, NRFU) lan, kote anketè frape nan pòt epi yo pran enfòmasyon sou resansman fanmi yo bay. Ane sa a, nan Vil New York, NRFU demare sou yon kapasite limite depi 3 out 2020, epi operasyon an okonplè kòmans 11 dawout 2020. Operasyon sa a ap kontinye pandan pwochen semèn yo.

Pou ou kapab enfòme, ou ap jwenn kèk fè esansyèl konsènan faz NRFU a:

- Lè sa posib epi nesèsè, anketè ki ap fè resansman yo ap kontakte jesyonè pwopriyete yo avan oswa pandan entèvyou.
- Anketè ki ap fè resansman yo ap gen yon badj ki idantifye yo, ki gen foto yo, yon logo Depatman Komès Etazini ak dat ekspirasyon.
- Si oumenm oswa lokatè ou yo gen kesyon sou idantite yo, ou kapab rele nan 212-882-7100 pou ou pale ak yon reprezantan Biwo Resansman epi konfime sityasyon anplwa yo.

- Tout anketè suiv yon fòmasyon sou distans sosyal epi yo dwe toujou mete mask, yo pa dwe janm antre nan kay, epi yo dwe pran yon distans 6 pye (2 mètr) lè yo ap fè entèvyou.
- Si yon rezidan pa lakay li lè yon anketè vizite li, anketè a ap kite yon nòt sou pòt la ak enfòmasyon sou fason pou li reponn resansman an.
- Kou yon inite lojman fin fè resansman an, kapab gen lòt vizit pou asire kalite done yo kolekte yo.

Plis gen abitan Nouyòk ki ranpli resansman an, se plis lajan ap rantre pou edikasyon, lojman epi menm pou swen sante nan pwosesis rekiperasyon fas a COVID-19. Pou rezon sa yo, li esansyèl pou ou soutni efò kolektif nou pou jwenn kontaj ki konplè epi ki presi konsènan kantite Nouyòkè ki genyen. Nou mande ou fasilite aktivite anketè yo pou yo travay an tout sekirite ak efikasman pandan yo demare travay esansyèl yo a nan vil nou an.

Anplis, si ou swete òganize yon resansman nan pwopriyete ou a, tanpri kontakte Mauricio Pazmino nan [mpazmino@census.nyc.gov](mailto:mpazmino@census.nyc.gov). Kòlèg nou yo ki nan Biwo Resansman Majistra Vil New York la kapab travay ak ou pou ou òganize yon resansman, kote rezidan ou yo kapab fè resansman an an tout sekirite nan pwopriyete ou a nan yon lè nou prevwa.

Pa bliye: ou kapab fè resansman an nan [my2020census.gov](https://my2020census.gov). Pa gen kesyon sou imigrasyon oswa sitwayènte, epi repons ou konfidansyèl epi nou pa kapab kominike yo pèsòn.